

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Dina hubungan komunikasi, basa miboga fungsi pikeun ngébréhkeun pikiran sarta kahayang. Basa minangka pakakas komunikasi, sakumaha nu diébréhkeun ku Sudaryat (2004:6) yén:

Basa nyaéta sistem lambang omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragem (konvénsional) antar anggota masarakat pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi.

Wangun basa kabagi kana dua, nya éta basa lisan jeung basa tinulis. Wangun basa lisan dipaké antara nu nyarita jeung nu diajak nyarita, ari wangun basa tinulis dipaké antara nu nulis jeung nu maca.

Basa hiji jalma patula patali jeung lingkungan hirup kumbuh masarakatna. Salian ti éta, kamekaran jaman ogé bakal mangaruhan kana basa anu aya di masarakat. Sabab salian ti miboga sifat *sistematis* tur *konvensional*, basa ogé miboga sifat *dinamis*. Ieu téh luyu jeung pamadegan Alwasilah (1990:33) dina Hartati (2004:2) anu nétélakeun yén:

*Bahasa sebagai gejala kekayaan sosial tak akan pernah berhenti melaju sejalan dengan perkembangan pemakainya. Pemikiran manusia, tingkah laku manusia, tentunya mencakup tingkah laku atau kegiatan berbahasa ditandai suatu gejala alami ialah perubahan. Oleh karenanya bahasa tak pernah hadir dalam kehampaan, ia selalu diwarnai perubahan-perubahan sosial.*

Bangsa Indonésia hususna masarakat Jawa Barat mangrupa masarakat dwibahasawan, nu ngawasa basa kahiji (B1) basa Daérah (Sunda), jeung basa kadua (B2) basa Indonesia. Tangtuna dina hal ieu bakal muncul kontak basa nu silih pangaruhan waktu lumangsungna prosés komunikasi, nya éta kandaga kecap atawa pola makéna basa jadi pacampur. Kajadian atawa fénoména siga kitu, dina élmu sosiolinguistik disebut campur kode. Ieu luyu jeung pamadegan Kachru (1978:28) dina Nursintawati (2008:15) anu nétélakeun yén campur kode nya éta makéna dua unsur basa atawa leuwih dina hiji omongan, dimana antara unsur basa

nu hiji jeung nu lianna silih pangaruhan sacara konsistén. Salaku gejala, campur kode ogé bisa lumangsung dina basa lisan jeung basa tinulis.

Sakola kaasup hiji lembaga nu ngajarkeun basa kalawan formal. Ari tujuanana sangkan siswana parigel dina widang basa, ku cara nagajarkeun sababaraha basa, kayaning basa Indonesia, basa Sunda, jeung basa asing. Siswa salaku peserta didik, salian meunang pangaweruh dina hal kabasaan nu diajarkeun sacara formal di sakola, ogé meunang pangaweruh kabasaan sacara non formal ngaliwatan komunikasi di masarakat. Ieu hal biasana nimbulkeun sawatara masalah kabasaan, balukar ayana kontak basa anu silih pangaruhan antara basa nu hiji jeung nu lian.

Sakola miboga sababaraha jenjang, nya éta ti SD nepi ka PT. Jenjang sakola tingkat SMK miharep siswana sangkan parigel dina sagala widang, boh dina widang kaparigelan gawé (*keterampilan kerja*) boh dina widang kaparigelan basa (*ketrampilan berbahasa*). Siswa dipiharep parigel dina hal komunikasi nu sakumaha ngajanggélék dina rumusan Standar Kompetensi nya éta “*Siswa diharapkan mampu berbicara untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan dalam bentuk kegiatan bercakap-cakap, memandu acara, memimpin diskusi, berdiskusi/berseminar, dan berpidato.*” pon kitu deui “*Siswa diharapkan mampu menulis untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan dalam bentuk puisi, esai, serta teks drama.*” Tina éta rumusan Standar Kompetensi bisa dicindekkeun yén dina ngedalkeun kahayangna siswa lain waé kudu parigel dina aspék nyarita, tapi dina aspek nulis ogé siswa dipiharep sangkan parigel. Sabab dina empron mah opat aspék kaparigelan basa nu ngawengku ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis téh silih pangaruhan, sata binarung kana widang kaweruh basa.

Ku lantaran di sakola téh diajarkeun rupa-rupa basa, nya éta basa Indonesia, basa Sunda, jeung basa asing. Atuh teu nutup kamungkinan makéna basa Sunda di sakola téh bakal silih pangaruhan, malah bisa kajadian campur kode.

Panalungtikan ngeunaan campur kode kungsi dilaksanakeun, di antarana waé ku Kamilah Intan Hartati (2004) “Campur Kode Basa Indonesia kana Basa

Sunda dina Naskah Khutbah Juma'ah Ditilik tina segi Morfologi”, Sri Supartini (2007) “Tilikan Morfologi Campur Kode Sunda-Indonesia dina Pagelaran Seni Banyolan Longsér di STV Bandung”, Lesi Nursintawati (2008) “Campur Kode Basa Indonesia kana Basa sunda dina Naskah Biantara Siswa Kelas X SMA Pasundan 8 Bandung”, Karsim (2010) “Campur Kode Basa Jawa kana Basa Sunda di Wewengkon Tangkolo Desa Tegalurung Kecamatan Cilamaya Kulon Kabupaten Karawang”, Rahmasari Aulia Khotimah (2010) “Campur Kode Basa Sunda jeung Basa Indonesia dina Kagiatan Diajar Kelas II SDN Gentra Masekdas II Kelurahan Suka Asih Kecamatan Bojongloa Kaler Kota Bandung”, Risma Dwi Arumi (2011) “Campur Kode dina Paguneman Siswa RSBI Kelas X SMA Pasundan 1 Bandung”, Ade Herni Nurkolbi (2011) “Campur Kode dina Karangan Pangalaman Siswa Kelas VII SMPN 1 Bandung Taun Ajaran 2011/2012”, jeung Nita Novita Permatasari (2012) “Campur Kode dina Siaran Tarucing Salasa Naker (Tarsan) I-Radio105,1 FM Bandung pikeun Bahan Ajar Ngaregepkeun di SMP”.

Panalungtikan nu ayeuna rék dilaksanakeun intina mah sarua, medar ngeunaan masalah kabasaan nya éta campur kode. Ari bédana, panalungtikan nu kungsi dilaksanakeun lolobana medar campur kode dina basa lisan, tapi teu loba nu nalungtik campur kode dina basa tinulis.

Campur kode awalna muncul tina basa lisan, gelar dina wangun kecap nu turun kana basa tinulis. Campur kode dina basa tinulis bisa katitén di atarana nya éta dina wangun karangan, nu mangrupa hasil pamikiran nu nulisna. Salasahiji wangun karangan anu diajarkeun di sakola nya éta karangan éséy, nu mangrupa karangan wangun lancar (prosa) nonfiksi anu ngabahas hiji pasualan kalawan singget tur saules tina puser panyawang pribadi nu nulisna. Ku lantaran mangrupa puseur panyawang pribadi nu nulisna, karangan éséy ngarefleksi keun kaweruh basa nu nulisna.

Sanajan campur kode dina basa tinulis kawilang saeutik, tapi lain hartina teu penting, sabab basa nu silih pangaruhan bisa ngalantarankeun basa aslina leungit, kaganti ku basa nu mangaruhanana. Kabiasaan basa lisan bisa kababawa kana basa tinulis.

Indit tina éta pasualan, panalungtikan anu judulna “Campur Kode dina Nulis Karangan Éséy Siswa Kelas XII SMK Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2012/2013” perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Campur kode bisa lumangsung dina basa lisan jeung basa tinulis. Sangkan ambahanana teu lega teuing jeung masalah nu rék ditalungtik bisa diguar leuwih jéntré, ku kituna masalah anu dibahas dina ieu panalungtikan téh diwatesanan, nya éta ngeunaan campur kode dina wangun tinulis nu aya dina karangan éséy siswa kelas XII SMK Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2012/2013. Campur kode dina ieu panalungtikan ditilik tina wanda, warna, jeung faktor anu ngalantarankeunana.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang sarta watesan masalah nu geus diébréhkeun di luhur, ieu masalah diwangun ku sababaraha patalékan ieu di handap.

- (1) Wanda campur kode naon anu aya dina karangan éséy siswa kelas XII SMK Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2012/2013?
- (2) Wujud campur kode anu aya dina karangan éséy siswa kelas XII SMK Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2012/2013?
- (3) Faktor naon anu mangaruhan lumangsungna campur kode dina karangan éséy siswa kelas XII SMK Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2012/2013?

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

### **1.3.1 Tujuan Umum**

Luyu jeung masalah anu dipedar di luhur, tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta pikeun maluruh jeung ngadeskripsikeun masalah kabasaan nu lumangsung di lingkungan sakola (lingkungan rumaja), nu salian meunang pangaweruh kabasaan anu diajarkeun sacara formal, ogé meunang pangaweruh kabasaan sacara non formal ngaliwatan komunikasi di sabudereunana (masarakat).

### 1.3.2 Tujuan Khusus

Tujuan khusus tina ieu panalungtikan nya éta pikeun maluruh jeung ngadéskrripsikeun:

- (1) wanda campur kode naon waé anu aya dina karangan éséy siswa kelas XII SMK Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2012/2013;
- (2) wujud campur kode anu aya dina karangan éséy siswa kelas XII SMK Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2012/2013; jeung
- (3) faktor nu mangaruhan lumangsungna campur kode dina karangan éséy siswa kelas XII SMK Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2012/2013.

## 1.4 Manfaat panalungtikan

### 1.4.1 Manfaat Tioritis

Mangpaat sacara tioritis anu dipiharep bisa kahontal tina ieu panalungtikan nya éta pikeun paélmuan (sosiolinguistik jeung kaparigelan basa). Ku kituna, panalungtikan ieu dipiharep bisa méré mangpaat di antarana:

- (1) méré pangaweruh elmu ngeunaan campur kode jeung kaparigelan nulis;
- (2) bisa mikanyaho kana kaayaan dwibasawan di lingkungan sakola; jeung
- (3) bisa méré sumbangan référénsi pikeun panalungtik saterusna, nu resep ngulik ngeunaan basa.

### 1.4.2 Manfaat Praktis

Mangpaat praktis panalungtikan bisa pikeun guru, siswa, bahan pangajaran, jeung umum.

- (1) Pikeun guru, bisa méré informasi pikeun kalumangsungan jeung kalancaran prosés diajar ngajar.
- (2) Pikeun siswa, dipiharep sangkan bisa leuwih merhatikeun kandaga kecap nu rék dipakéna jeung bisa leuwih ngeuyeuban kandaga kecap nu dipikanyaho.
- (3) Pikeun pangajaran, bisa digunakeun minangka bahan pangajaran di sakola ngeunaan nulis, hususna dian nulis karanagan éséy, jeung
- (4) Pikeun umum, dipiharep bisa ngahudang kasadaran balaréa pikeun maké basa Sunda anu hadé nu saluyu jeung kaédah katata basaan. Sakumaha anu

dititétélakeun dina paribasa yén “Hirup Basana Hurip Budayana, Dipaké Basana Waluya Budayana.” Éta hal nétélakeun yén saupama urang maké basa Sunda nu saluyu jeung kaédahna, hartina sarua jeung ngamumulé basa katut budaya Sunda.

### **1.5 Raraga Tulisan**

Hasil tina ieu panalungtikan dipidangkeun dina lima Bab. Bab I Bubuka, ngawengku kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung galur tulisan.

Dina Bab II Ulikan Tiori, dipidangkeun tiori-tiori ngeunaan kadwibasaan, campur kode, tiori nulis, jeung karangan éséy.

Pikeun ngayakeun panalungtikan nu puguh galurna, dina Bab III Metode Panalungtikan, dipidangkeun métode nu digunakeun dina panalungtikan, wangenan operasional, téhnik panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngolah data.

Data-data, analisis, jeung pedaran data panalungtikan dipidangkeun dina Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran

Bab V Kacindekan jeung Saran, eusina mangrupa kacindekan tina hasil panalungtikan jeung saran.